



Pou Piblikasyon Imedya: 7/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU PWOTEJE REZIDAN MEZON RETRÈT YO KONT ENFEKSYON EPI KENBE PWÒCH YO ENFÒME

*Lejislasyon (S.1785A/A.6052) egzije mezon retrèt yo pou enfòme rezidan yo, manm fanmi ki otorize yo ak responsab legal yo alè lè yo detekte yon enfeksyon*

*Asire etablisman yo gen yon plan pou akomode rezidan ki ekspoze oswa ki enfekte pou anpeche enfeksyon an gaye bay lòt moun*

Gouvènè Kathy Hochul siyen jodi a lejislasyon ki pral mande pou etablisman swen sante rezidansyèl yo mete ajou rezidan yo ak manm fanmi yo ak responsab yo rapidman lè yo detekte yon enfeksyon nan etablisman an. Li egzije tou pou mezon retrèt yo gen yon plan an plas pou akomode rezidan ki ekspoze oswa ki enfekte yo pou sispann gaye enfeksyon an.

"Nouyòkè k ap viv nan mezon retrèt yo merite pi gwo kalite swen, epi fanmi yo merite konnen ke pwòch yo an sekirite," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk lejislasyon sa a, nou pral asire ke chak etablisman prepare pou pwoteje rezidan yo kont eksposizyon apre yo fin detekte yon enfeksyon, pandan y ap amelyore komunikasyon tou pou asire ke rezidan yo ak manm fanmi yo resevwa enfòmasyon sou sitiyasyon an alè. Sa a se yon etap enpòtan pou asire mezon retrèt yo ap pran bon mezi pou pwoteje Nouyòkè ki pi vilnerab yo".

Lejislasyon (S.1785A/A.6052) pral elaji plan ijans pandemi ki egziste deja a pou amelyore komunikasyon lè yo egzije mezon retrèt yo pou enfòme rezidan yo ak pwòch yo sou yon enfeksyon. Li pral mande etablisman yo tou pou yo prepare yon plan oswa pwosedi pou akomodasyon pou rezidan yo pandan yon epidemi maladi enfektye, sa ki pral ede asire chak mezon retrèt pare epi kapab byen plase rezidan yo nan ka yon enfeksyon pou sekirite yo ak sekirite lòt moun.

**Senatè Eta James Skoufis te deklare,** "Pandemi COVID-19 la te anseye nou anpil lesyon ki nesesè, men ki trè douloure. Yon rezulta dirèk nan odyans 2020 nou yo sou sekirite mezon retrèt yo, lejislasyon sa a pral asire enstalasyon sa yo prepare lè menas enfeksyon alavni parèt, epi li pral pèmèt fanmi malad ak granmoun aje nou yo pran desizyon enfòme sou swen yo. Nou pa dwe janm kite etablisman swen rezidansyèl nou yo rete avèg konsa ankò".

**Manm Asanble Jennifer Lunsford te deklare**, "Lè COVID te frape, rezidan mezon retrèt yo ak pwòch yo te rete san enfòmasyon. Mezon retrèt yo te twouve yo pa prepare pou ijans sante publik la, epi rezidan yo ak pwòch yo te rete nan fè nwa. Pwojè lwa a gen kòm objektif pou anpeche devastasyon menm jan an alavni nan egzije mizajou sou enfeksyon ak mezi planifikasyon nan etablisman swen sante rezidansyèl yo. Transparans ak planifikasyon nan etablisman sa yo pandan ijans sante publik yo enpòtan anpil pandan n ap kontinye retabli anba pandemi COVID la. Nou pa ka janm kite sa rive Nouyòkè ki pi vilnerab nou yo ankò".

Lejislasyon sa a fonde sou efò kontinyèl Gouvènè Hochul ap fè pou pwoteje rezidan etablisman swen alontèm yo. An desanm 2021, Gouvènè a te siyen yon [pake kat tèks lejislatif](#) pou sipòte etablisman swen alontèm yo epi bay sistèm nan asistans.

Lejislasyon an te mande Komisè Sante a pou l aplike yon verifikasiyon enspeksyon enfeksyon ak yon lis verifikasiyon nan mezon retrèt yo, te adopte yon seri refòm nan Pwogram Medyatè sou Swen Alontèm (Long-Term Care Ombudsman Program, LTCOP) Eta a ak pwogram ki gen rapò ak pou ogmante aksè pou rezidan mezon retrèt yo ak etablisman swen rezidansyèl yo, te etabli "gwoup travay pou reyimajine swen alontèm" pou etidye eta sèvis swen alontèm nan eta a, epi li te mande Komisè Developman Ekonomik la, an konsiltasyon ak Komisè Sante, Travay ak Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi pou etidye, devlope, epi aplike yon estrateji alontèm pou sipòte kwasans endistri swen nan Eta New York. Gouvènè Hochul te sipòte tou envestisman nan pwogram Medyatè sou Swen Alontèm nan, ranbousman pou mezon retrèt, finansman adisyonèl pou anplwaye ak finansman kapital pou transfòmasyon mezon retrèt, ki gen ladan pwomosyon modèl mezon retrèt 'green house' pou ankouraje bon jan kalite swen alontèm pou tout moun.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418